PAJ APLIKASYON AK
FÒM KONSANTMAN POU ELÈV
AK PARAN/RESPONSAB
2016

Tanpri Ekri Lizibleman ak Lank Nwa oswa Ble

Yo te envite pitit ou a pou l patisipe nan "**Do the Write Thing Challenge**" kòm yon pati nan travay lekòl. Lekòl Mwayen nou an kalifye pou yon prim an kach ak twofe dapre kantite elèv nan lekòl nou an k ap patisipe. Y ap seleksyone 10 elèv kòm "10 Premye" elèv nan lekòl nou an epi yo kalifye pou pibliye travay yo epi y ap kapab genyen yon vwayaj pou ale Washington. Yo mande Paran/Responsab ak elèv yo pou ranpli paj aplikasyon sa a epi siyen Deklarasyon Konsantman ki anba a.

Prenon Elèv la: _____ **Siyati Elèv la**: _____

Sèks Elèv la: (sèkle) **Gason** **oswa** **Fi**

Non Lekòl la: _____ **Klas aktyèl: (sèkle)** **6yèm** **7yèm** **8yèm**

Non Papa: _____ **Non Manman**: _____

Adrès Prensipal Elèv la: _____

_____

Ki paran k ap vini nan bankè apresyasyon pou pitit ou a si l seleksyone kòm youn nan "10 Premye" elèv k ap reprezante lekòl nou an? *****Akoz espas ki limite se sèlman *YON* paran oswa responsab ki kapab patisipe. *Pa gen eksepsyon*. (Sèkle youn sèlman)

Manman **Papa** **Lòt:** _____

Nimewo telefòn pou kontakte paran: (____)_____ -_____

Non Pwofesè a: _____ **Nimewo Telefòn Pwofesè a**: _____

DEKLARASYON KONSANTMAN POU ELÈV AK PARAN/RESPONSAB

Kanpay Nasyonal pou Sispann Vyolans (National Campaign to Stop Violence-NCSV), ki patwone "Do the Write Thing Challenge," ap pibliye redaksyon ak sitasyon elèv ki seleksyone yo nan yon liv ak nan yon papye diskisyon sou vyolans jivenil. Avan yo pibliye redaksyon w nan, NCSV mande konsantman w alekri ansanm ak konsantman yon paran oswa responsab. Si ou menm ak paran w oswa responsab la dakò pou NCSV pibliye sa w ekri yo, tanpri siyen anba a pou konfime enfòmasyon sa yo: Nou dakò pou bay Kanpay Nasyonal pou Sispann Vyolans redaksyon elèv ki atache a, konsa y ap kapab prann an konsiderasyon pou rekonèt li epi pibliye ak bay pèmisyon pou NCSV anonse non nou nan medya yo ak fè konnen patisipasyon nou. Anyen nan fòm sa a pa kapab limite pwòp dwa nou pou itilize pèsonèlman redaksyon ki attaché a.

_____ _____

Siyati Elèv la Dat Siyati Paran an Dat

VIZITE NOU SOU ENTÈNÈT:

Kanpay Nasyonal pou Sispann Vyolans kreye yon pwogram ki rele "Staying Connected"(Rete Konekte). Pwogram sa a pèmèt nou rete an kontak avèk patisipan "Do the Write Thing", paran, pwofesè ak volontè atravè kourye elektwonik. Tanpri, enskri pou pwogram sa a nan www.dtwt.org epi mete adrès elektwonik ou anba a. Si w gen pwoblèm pou enskri sou entènèt, tanpri rele 1-800-256-0235.

Adrès elektwonik: _____

For official use only
Essay #:

Konfwontasyon "Do the Write Thing" 2016

Pwojè redaksyon sa a bay elèv Lekòl Mwayen atravè tout Amerik yon opòtinite pou egzamine enpak vyolans nan vi yo epi kominike pa ekri sa yo kapab fè pèsonèlman pou sispann vyolans. Elèv k ap patisipe yo kalifye pou resevwa omaj lokal ak nasyonal. Y ap seleksyone de (2) elèv kòm Anbasadè nan Rejyon Palm Beach pou ale nan Washington, D.C. ete sa avèk yon paran ak pwofesè. Pwogram nan ap peye pou tout depans avyon ak lojman. Anplis, pwogram nan ap ofri yon Cérémonie Apresyasyon pou onore "10 Premye" antre ki meyè yo jan Direktè/tris nan chak lekòl mwayen k ap patisipe yo deside nan mwa me 10th, 2016 nan "Palm Beach County Convention Center" a. événement a gratis.

Règleman pwogram yo

Règleman sa yo aplikab pou chak Lekòl Mwayen Rejyon Palm Beach k ap patisipe nan konkou a:

1. Antre elèv la, omwen, dwe reponn ak kesyon sa yo :

   Ki jan vyolans te afekte vi mwen?
   Ki sa k koze vyolans jivenil?
   Ki sa m kapab fè kont vyolans jivenil?

   Tout ekri yo dwe reponn ak kesyon sa yo pou kapab avanse nan pwosesis seleksyon an. Se PA yon pwojè redaksyon kreyatif. Elèv yo dwe adrese kesyon yo onètman epi pa envante sitiyasyon yo.

2. Elèv yo kapab itilize nenpòt fòm ekspresyon alekri (pa egzanp redaksyon, powèm, pyès teyat oswa chanson) toutotan langaj la pozitif epi pa ensiltan. Elèv yo kapab soumèt yon sèl tèks pa ane. Chak antre dwe se pwodui travay eksklizif yonsèl elèv. Chak tèks dwe gen apwoksimativman 500 jiska 1000 mo maksimòm. Fòm ekspresyon alekri tankou pwezi ki pi kout pa nati kapab genyen mwenske 500 mo.

3. Tèks yo dwe swa tape (prefere) oswa ekri lizibleman ak lank nwa sou papye 8 1/2" x 11". Yo dwe itilize sèlman yon bò papye a epi ***tout*** paj yo dwe gen non elèv la ak nimewo paj yo.

4. Tèks yo dwe an Anglè.

5. Si elèv k ap patisipe a itilize yon sitasyon oswa materyèl yon lòt moun nan tèks la, tèks la dwe idantifye travay ki moun li te itilize epi site non moun nan oswa site sous materyèl la. Redaksyon ki baze sou plajya (kopyaj sa lòt moun kreye) P AP rive nan pwosesis jijman an.

6. Chak antre dwe byen agrafe ansanm ak "paj aplikasyon" an epi siyati elèv k ap patisipe a ak paran oswa responsab la sou **deklarasyon konsantman** an. Antre ki pa gen siyati sou Paj Aplikasyon an P AP rive nan pwosesis jijman an.

7. Antre yo dwe soumèt sou menm fòm yo te resevwa yo nan mem elèv ki te ekri l la. Tout moun ki montre bòn fwa pou patisipe kalifye pou onore kòm 10 Premye elèv. Sepandan règleman sa a pa anpèche pwofesè yo itilize soumisyon kòm kredi akademik pou nòt pou pwojè oswa devwa lekòl, si genyen, yo bay sou diskresyon pwofesè a.